


CHIKAMU 7

ZVIPOROFITA
ZVAKIRISITU

MUSHURE MAERISHA MAKALIYA VAMWE
VAPOROFITA VANOSANGANISIRA
ISAYA, JEREMAYA NAAMOSI
VAITUNGAMIRA VANHU KUBVA KUZVIVI
NEKUNAMATA ZVIFANANIDZO.
MWARI VAKATAURA ZVIZHINJI
NEVAPOROFITA AVA, VACHINYORA
ZVIPOROFITA ZVEZVAIZOUYA.

ISAYA WAKAPOROFITA
MUNGUVA DZAITONGWA
NEMADZIMAMBO, UZIYA,
JOTAMU, AHAZI NAHEZEKAYA
(MUMAKORE 760-700
KIRISITU ASATI AZVARWA).
MWARI VAKATI KUNA ISAYA,
"NDAKARERA NOKUKUDZA
VANA, ASI VANDIMUKIRA.
NZOMBE INOZIVA MURIDZI
WAYO, NEMBONGORO INOZIVA
CHIDYIRO CHAVATENZI VAYO;
ASI IZIRAERI HAIZIVI, VANHU
VANGU HAVARANGARIRI. HAIWA
RUDZI RUNOTADZA, VANHU
VAKAREMERWA NEZVAKAIPA,
VANA VANOITA ZVAKAORA!"




"SHAMBAI; MUZVINATSE;
BVISAI ZVAKAIPA ZVAMABASA
ENYU PAMBERI PANGU; REGAI
KURAMBA MUCHIITA ZVAKAIPA;
DZIDZAI KUITA ZVAKANAKA;
TSVAKAI KURLURAMA, BATSIRAI
VANOMANIKIDZWA, RURAMISAI
NHERERA, MUREVERERE
CHIRIKADZI. KANA MUCHIDA,
MUCHITEERERA, MUCHADYA
ZVAKANAKA ZVENYIKA, ASI KANA
MUCHIRAMBA, MUCHINDIMUKIRA
MUCHAPARADZWA NOMUNONDO.
NYIKA YAKO ICHAVA GWENGA,
MAGUTA ACHAPISWA NOMOTO
LIYE VAMWE VANAKOMANA
VAKO, VACHABVA KWALURI,
VALUCHABEREKA, VACHATAPWA;
VACHAVA VARANDA MUMBA
MAMAMBO WEBHABHIRONI."





ISAYA 1:2-4, 7, 16,
39:7; JEREMIYA 21:8-10

JEREMIYA WAKAGAMUCHIRA SHOKO RAJEHOVHA PAITONGWA NAMADZIMAMBO JOSAYA, JEHOWAKIMU, NAZEDHEKAYA (MUMAKORE 630-590 KIRISITU ASATI AZVARWA). JEHOVHA VAKATI, "TARIRAI, NDINOISA PAMBERI PENYU NZIRA YOHUPENYU NENZIRA YORUFU. ANI NAANI UNORAMBIRA MUGUTA RINO UCHAURAWA NOMUNONDO NENZARA NEHOSHA; ASI ANI NAANI UNOBUDA AKAENDA KUVAKARADHIYA VANOKUKOMBAI, IYE UCHARARAMA, HUPENYU HWAKE HUCHAVA KWAARI CHINHU CHAAKAPAMBA. NDAVANZIRA GUTA RINO CHISO CHANGU KUTI NDIRIITIRE ZVAKAIPA; RICHAISWA MUMAOKO AMAMBO WEBHABHIRONI, IYE UCHARIPISA NOMOTO."



SHOKO RAMWARI
RAKASVIKA
KUNA JEREMIYA
RICHITI, "TARIRA
NDICHAKUITA
CHINHU
CHINOTYISA,
CHICHAKUTYISA
IWE UMENE
NESHAMWARI
DZAKO DZOSE;
VACHAPARADZWA
NOMUNONDO
WAVAVENGI
VAVO, MESO AKO
ACHAZVIONA

NDICHAISA VAGARI
VEGUTA RINO MUMAOKO
AMAMBO NEBHUKADHINEZA
WEBHABHIRONI, IYE
UCHAVATAPA ACHIENDA NAVO
KUBHABHIRONI, NOKLIVAIRAYA
NOMUNONDO. LIYEZVE,
NDICHAISA FUMA YOSE
YEGUTA RINO, NEZVOSE
ZVAVAKAWANA, NEZVOSE ZVAVO
ZVINOKOSHA, ZVIROKWAZVO,
NEFUMA YOSE YAMADZIMAMBO
AJUDHA, NDICHAZVIISA
MUMAOKO AVAVENGI
VAVO; IVO VACHAVAPAMBA
NOKLIVATAPA, NOKLIENDA NAVO
BHABHIRONI. VOSE VAGERE
MUMBA MAKO, MUCHATAPWA,
IWE UCHANDOSVIKA
BHABHIRONI, UCHANDOFIRAPO,
NOKLIVIGWAPO, IWE
NESHAMWARI DZAKO DZOSE,
DZAWAIPOROFITA NHEMA
NADZO.




AMOSI WAKAPOROFITA
MUMAZUVA AMAMBO
LIZA NAJEROBHOWAMU
11 (MUMAKORE 765-
750 KIRISITU ASATI
AZVARWA). MADZIMAI
ENYU IMHOU DZINODA
KUGARA DZICHIRIRITIRWA
NAVARUME VAVO.
ZVINO HAMUCHARAMBI
MUCHITUNGAMIRA VARUME
VENYU, MUCHAPAMBWA
MOENDESWA
KUBHABHIRONI SEVARANDA.



MUNOGARA MUDZIMBA
DZAKASHONGEDZWA
ZVAKANAKA, MUCHIDYA
ZVINOZIPA UYE ZVIZERE
NORLUOMBA. MUNOFADZWA
NEMIMHANZI MUCHINWA
ZVINODHAKA. HAPANA
ACHAKOSHESA KURLURAMA,
MUNODZVANYIRIRA VAROMBO
MUSINGAVAPE KODZERO DZAVO
UYE MUCHITORA FUFURO. ZVINO
MUCHADYARA MIZAMBIRINGA
ASI UMWE NDIYE ACHAKOHWA,
MAUTO ENYU ACHAPARADZWA
UYE MUCHATAPWA SEVARANDA
KUNYIKA YEKURE.

MWARI VANOTI,
"NDICHAPARADZA
MAARITARI ABHETERI,
UYE NDICHAPUTSA
DZIMBA DZENYU
DZAMUNOSHANDISA
MUZHIZHA
NEMUCHIRIMO.
MUNODZVANYIRIRA
VAROMBO MUCHITORA
FUFURO, NEKUTORA
KODZERO DZEVASINA
SIMBA. ZVINO
NDICHATUMIRA NZARA
NEHOSHA PAKATI PENYU
ASI HAMUTENDEUKI.
MUCHADYARA
MIZAMBIRINGA ASI
MUMWE ACHAKOHWA.



AMOSI
4-6

AMAI, NDINE
NZARA.

MUGORE RA753
KIRISITU ASATI
AZVARWA.


HOSIYA WAKAPOROFITA MUNGLVA YAMADZIMAMBO
UZIYA, JOTAMU, AHAZI NAHEZEKAYA (MUMAKORE
ANGAITA 785-725 KIRISITU ASATI AZVARWA).
AKATI, "IZIRAYERE ICHABAYIWA NOMUNONDO,
VADUKU VAVO VACHAPWANYIRWA PASI, MADZIMAI
AVO ANEPAMUVIRI ACHIVHURWA MATUMBU.



ZUVA RICHASVIKA APO MWARI
VACHAREGERERA ZVIVI ZVAKO, VACHITORA
NOKUDA IZIRAYERE NOMOYO WOSE.
IZIRAYERE ICHAYEVEDZA SERUVA ICHIBUDIRIRA
SEMUTI WEMUORIVHI, UCHINHUIWIRIRA
SEZVINONHUIWIRIRA ZVEKUREBHANONI.



MUSHURE MEUTAPWA
WEBHABHIRONI MUCHAPEPEREKA
NENYIKA KWAMUCHANOTAMBUDZWA
NOKUSHAYA ZORORO.



VARIKUKUMBA
ZVOSE. SEI
VASINGATISIYE
TOGA?

AMAI,
TICHANOGAREPI?

ICHI
CHINOFANIRA
KUNDIPA MARI
YAKANAKA.
VAJUDHA VANGA
VAKATINAKIRA PANE
ZVEMABHIZIMISI,
ZVICHATIREMERA
KUVAONA
VACHIENDA.

CHIZIVISO ICHI
CHINOTO TINOFANIRA
KUBUDA MUNYIKA INO
MUMAZUVA MATATU.

ISAYA 10:21, CHIKAMU 35, 51:11; JEREMIYA 30:11; EZEKIYERE 17:21;
HOSIYA 13:16, 14:1-6; JOWERO 3:2



CHIZIVISO ICHI CHINOTI
TINOFANIRA KUBUDA MUNYIKA
TICHISIYA PFUMA YEDU YOSE.

NDAGARA
NDICHICHOCHORA
MHOU IYI.

NOKUTI VAIZIRAYERE VAKARAMBA SHOKO
RAMWARI VACHAPEPEREKA PASI ROSE.
ASI VACHASHAYA ZORORO KUSVIKA
VADZOKA MUNYIKA YECHIPIKIRWA.

NYIKA YEIZIRAYERE ICHAVA GWENGA VANHU VOSE
VATAPWA KUBHABHIRONI KWEMAKORE MAKUMI
MANOMWE. MUSHURE MEMAKORE AWA, NDICHADZORA
VAPENYU KUZOVAKA ZVEKARE NYIKA INO.



JERUSAREMA ICHAVA
CHITUKO CHAKARASWA
ZVOKUSARA YAVA GWENGA.



CHIPOROFITA ICHI CHAKAZADZIISWA
APO MUVENGI AKAPAMBA
VAIZIRAYERE. ASI MUMAZUVA
EKUPEDZISIRA VANHU VACHADZOKA
VACHIZOVAKA TEMBERI ZVEKARE.

MUPOROFITA MIKA LIYO
AKARARAMA KUBVA
MUGORE RA750--686
KIRISITU ASATI AZVARWA
AKAPOROFITA ACHITI


NYIKA ZHINJI
DZICHATI HANDEI
KUGOMO RAMWARI,
KUIMBA YAJAKOBHO
KUTI ANOTIDZIDZISA
NZIRA DZAKE
KUTI TIGOFAMBA
MADZIRI. NOKUTI
MURAIRO
UCHABURUKA KUBVA
KUGOMO REZIYONI,
NESHOKO
RAMWARI KUBVA
KUJERUSAREMA.



IYE ACHATONGA PAKATI PAMARUDZI,
NOKURURAMISA VANHU VAZHINJI;
VACHAPFURA MUNONDO YAVO VACHIITA
MAPADZA, NAMAPFLUMO AVO VACHIITA
MAPANGA OKUCHEKERERA MITI;

RUMWE RUDZI
HARLINGAZOSIMUDZIRI
RUMWE RUDZI
MUNONDO,
HAVANGOZODZIDZI
KURWA. ASI MUMWE
NOMUMWE ACHAGARA
PASI POMUZAMBIRINGA
WAKE NAPASI
POMUONDE
WAKE, HAKUNA
ANGAZOVATYISA,
NOKUTI MUROMO
WAJEHOVHA WEHONDO
WAKATAURA IZVI.

JEREMIYA 25:11-12;
MIKA 3:12, 4:1-7



NEZUVA IRO
NDICHALINGANIDZA
VANOKAMHINA,
NDICHALINGANIDZA
VAKADZINGWA,
NAVAKATAMBUDZWA
NENI; VAIKAMHINA
NDIKAVAITA
VAKASARA,
UYE VAKANGA
VAKARASHIRWA
KURE NDICHAVAITA
RUDZI RWAKASIMBA,
JEHOVHA
ACHAVABATA LISHE
PAGOMO REZIYONI
KUBVA ZVINO
NOKUSINGAPERI.

**CHIPOROFITA
CHAJEREMIYA NEVAMWE:**



**MUSHURE MEMAKORE MAKUMI
MANOMWE, BHABHIRONI ICHARWISWA
NEHONDO INOBVA KUCHAMHEMBE.
VACHASARA VACHADZOKA
KUZOVAKA GLITA NETEMBERI.**

**MAMBO ZEDHEKIYA
WAITA CHINHU
CHAKAIPA MUMESO
AJEHOVHA. HAASI
KUZOURAWA
NOMUNONDO
ASI UCHAENDA
KUBHABHIRONI
KWAACHAFA
MURUGARE. ASI
HAUSI KUZOONA
BHABHIRONI
NEMESO AKO,
UCHAVA BOFU.
UCHAGARA
MUBHABHIRONI
KWEMAKORE
MAKUMI MANOMWE.**

MUSHURE MECHINGUVA
CHOKUTONGWA MWARI
UCHAVAREGERERA ZVIVI ZVAVO,
JERUSAREMA ICHAVA NEVAGARI
VAYO NOKUSINGAPERI.

"TORA RUGWARO URWU
KUBHABHIRONI, RUVERENGE
MBERI KWAVO VAGOZIVA
ZVAVACHASANGANA NAZVO
VASATI VADZOKA."

"NDICHAVAPA ZVEKARE
CHIGARO CHADHEVHIDHI,
MUCHADZOKA KUZTORA
NYIKA YENYU ZVEKARE."




EZEKIYERE WAKAPOROFITA ACHITI,
"VACHAPARARIRA NENYIKA YOSE,
ASI MWARI UCHAVAKOKORODZA KUTI
VAZOTORA ZVEKARE NYIKA YAVO."



JEREMIYA 34:3, 39:7, 51:60-61,
52:11; EZEKIYERE 12:13-16;
JOWERO 3:20-21; AMOSI 9:11-15



MWARI WAKAVIMBISA
ABHURAHAMU KUTI
MBEU YAKE ICHAGARA
NHAKA YENYIKA YAKE
NOKUSINGAPERI, UYE
MWARI HAATYORI
MHIKO DZAKE. ASI
KANA VAKATADZA
UCHAVAENDESA
MUTAPWA
KUNYIKA DZEKURE
DZAVACHANAMATA
VAMWARI
VAVASINGAZIVE.
ASI PAKUPEDZISIRA
UCHAVADZORA
ZVEKARE.




"IJIPITA ICHATONGWAZVE
NERUOKO RWEVABHABHIRONI
KWEMAKORE MAKUMI MANA.
MUSHURE MAZVO IJIPITA
HAICHAZOVA NEMUKURUMBIRA
ZVEKARE. MUMAZLIVA
OKUPEDZISIRA, IJIPITA
NEASIRIYA DZICHATORA
CHISUNGO CHERUNYARARO
NEIZIRAYERE, MWARI
VACHIROPAFADZA VANHU VAVO."



“VAFIRISITIYA VACHAPARADZWA ZVOKUSAZOVAKO ZVEKARE. ASHIDHODHI, EKIRONI NAAMONI DZICHAPARADZWA ZVOKUSAZOVAKO ZVEKARE. VAGARI VOMLIDHOMU VACHAPARARIRA ICHISARA ISINA VANHU. TAYA ICHAPARADZWA UYE ZVIVAKWA ZVAYO ZVEMATOMBO NEMAPURANGA ZVICHIKANDWA MUGUNGWA. NYIKA IYI ICHAVA GWENGA ROKUTI VAREDZI VATAMBANUDZIRE MANERA AVO.”

“NYIKA DZINOTI IRANI, TEKI,
ETUPIYA NERIBHIYA DZICHAVAKO
KUSVIKA KUMAGUMO. PAKUPEDZISIRA
DZICHAEDZA KUPAMBA IZIRAYERE
ASI VARWI VADZO VACHATSAKATIKA
MUMAKOMO EIZIRAYERE.”





SHOKO RAMWARI HARINYEPI PANHOROONDO
YARO. MAGUTA NENYIKA DZAKANZI DZICHAVAPO
KUSVIKA KUMAGUMO, NANHASI DZIRIKO, UYE, IDZO
DZAKANZI DZICHAPARARA NANHASI HAKUCHINA.

JEREMIYA 25:15-26; EZEKIYERE 25,
26:15-19, 29:12-16, 30:1-8; AMOSI 1

MUGORE RA 605
KIRISITU ASATI AZVARWA
IZIRAYERE YAKAPAMBWA
NEVABHABHIRONI
SEKUREVA KWESHOKO
REVAPOROFITA.



MWARI WEDU,
TIRIKUTAMBUDZWA
NOKUDA KWEZVIVI
ZVEMADZIBABA EDU,
CHITIGONESAI KUTEERERA
MIRAIRO YENYU
MUNYIKA YATIRI INO
YEVATORWA.




ZVIURU ZVISHANU ZVEVAJUDHA ZVAKAPAMBWA
KUBHABHIRONI. VAKATORA VECHIDIKI
VAINGE VAKADZIDZA SANADHANIYERE AVO
VAIGONA KUZOBATA MABASA MUMAMBO
HWEBHABHIRONI. DHANIYERE AICHENGETEDZA
MIRAIRO YAMWARI WAABHURAHAMU.




TINOKUTENDAI
MWARI WEDENGA
NEPASI, MAMBO
WEZVINHU ZVOSE,
IMI MUNOTIPA
CHINGWA KUBVA
MUVHU.

DHANIYERE AIVA MURANDA MUNYIKA
YEVATORWA, ASI WAKARAMBA AKABATIRIRA
UYE ACHITEVEDZA MIRAIRO YAMWARI WAKE.
IZVI ZVAKAITA KUTI VAKURU VAKE VACHIONA
MWEYA WAKE WAKANAKA VAMUSUMUDZIRE
SEMUMWE WEVACHENJERI MUBHABHIRONI.



NEBHUKADHINEZA
MAMBO WEBHABHIRONI
WAKAMUTSWA NEHOPE
DZAKAMUSHAMISA.

DZINOREVEIKO
HOPE DZAKADAI IDZI. IZVI
ZVINORATIDZA KUTI DZABVA
KUNA MWARI DZICHITALURA
NEZVERAMANGWANA.




MUNOZVIITA
VACHENJERI VANONZWA
KUTaura Kwamwari.
CHINDIUDZAI ZVANDAROTA
UYE KUTI ZVINOREVEI.

TINGAKUUDZAI
ZVADZINOREVA
SEI, IMI MUSINA
KUTIUDZA HOPE
DZACHO. HAPANA
MUNHU UNOGONA
IZVOZVO KUNZE
KWAVAMWARI.

DHANIYERE 1:2-7, 17-21, 2:1-11




NDAlZVIZIVA KUTI MURI
VANYENGERI LIYE KUTI VAMWARI
HAVATAURI NEMI. NDODA KUTI
MUURAWE MOSE IMI NEMHURI
DZENYU, LIYE MISHA YENYU
NGAIPARADZWE.



NDINE UROMBO
DHANIYERI, MANGWANA IWE
NEVAWUKI VOSE VEMUBHABHIRONI
MUCHAURAWA. MAMBO HAVATENDI
KUVAPIRISITA VAKE VOSE.

ASI JEHOVHA MWARI
VANOGONA KUDUDZIRA
NOKURAPANURA HOPE IDZI.
REGAI NDINAMATE. KUMBIRAI
MAMBO VATIPE ZUVA
RIMWE ZVARO.

A person with extensive tattoos on their back and arms is kneeling on a stone floor, facing away from the viewer. They are wearing a patterned top and dark shorts. The background is a warm, yellowish glow, possibly from a window or a fire. A white silhouette of a person stands in the background, looking towards the kneeling person. The scene is set in a room with stone walls.


ISHE, IMI NDIMI
MWARI UYE MAMBO
WEPASI ROSE,
NDINOKUMBIRAWO
MUTIRATIDZE
ZVICHALIYA. HAKUNA
MUMWE MWARI
KUNZE KWENYU.

DHANIYERI,
INZWA
KUTAUURA
KWANGU.



**KASIRAYI,
NDIENDESEI
KLINA
MAMBO.**

**KANA
USINGAGONI
KUDUDZIRA
HOPE IDZI,
ACHANDIURAYA
IPAPO,
IPAPO.**




IMI
MAMBO,
NDIMI MAMBO
WEMADZIMAMBO,
NOKUTI MWARI
WEDENGA
AKAKUSARUDZAI.
VAKUPAI CHIONO
CHEZVICHAITIKA
MUMAZUVA
ANOTEVERA.

MWARI
WEMAZVIROKWAZVO,
AKAITA PASI ROSE
AZARURIRA MURANDA
WENYU HOPE DZENYU.

USATAMBISE
NGLVA YANGU,
UNOKWANISA
KUDUDZIRA HOPE
DZANGU HERE
KANA KUTI
KWETE?

DHANIYERE
2:12-30



IMI MAMBO
MAONA CHIRATIDZO
CHECHIFANANIDZO
CHIKURU. CHIFANANIDZO
ICHI CHINOMIRIRA UMAMBO
HWENYU NEMAMWE
MADZIMAMBO MATATU
ACHATEVERA.


ICHOKWADI,
HAPANA MUNHU
WANDAKAMBOLDZA
HOPE IDZI. MWARI
WAKO NDIYE MWARI
WEMAZVIROKWAZVO.



NDIMI
MUSORO WEGORIDHE,
MAMBO WEMADZIMAMBO. MUSATI
MAPAMBA JUDHIYA, VAPOROFITA
VEDU VAKATIUDZA KUTI MWARI
UCHATITONGA NOKUDA KWEZVIVI
ZVEDU VACHIPA NYIKA YEDU KWAMURI.
ZVINO UMAMBO HWENYU HUCHAVA
NOKUBWINYA KUKURU.



CHIPFLVA CHESIRIVHERI
CHINOMIRIRA VAMEDHIYA
NEVAPEZHIYA. MUSHURE MERUFU
RWENYU, VACHATORA NYIKA
YEBHABHIRONI VACHINOTONGA PASI
ROSE SEZVAMURI NHASI IZVI.

A comic book panel featuring a character in a yellow suit with a red headband, pointing towards a foot. The background is dark with some mechanical or structural elements. Two large speech bubbles contain text in a stylized font.


MAMBO, MUSHURE
MEMUSORO WEGORIDHE
NECHIPFLIVA CHESIRIVHERI,
MAKAONA DUMBU RENDARIRA
HUNOVA HUMAMBO
HWECHITATU. HUMAMBO
UHWU HWEVAGIRIKI HUCHALIYA
MUSHURE MEVAPEZHIYA UYE
HUCHANGE HUCHITYISA UYE
HUCHIKWANISA KUFAMBA
ZVECHIMBI-CHIMBI.

UMAMBO HWECHINA
HWAKANGE HWAKASIYANA
NEHUMWE. MAKUMBO AKANGE
AKALUMBWA NEDARE ACHITSIKA
NEKUPARADZA NYIKA DZAKAWANDA.
ASI SEKUONA KWAMAKAITA, TSOKA
DZACHO DZAKANGE DZAKAZANGANA
DARE NEIVHU. MUMAZUVA
OKUPEDZISIRA UMAMBO
HUCHANGE HUSINA KUSIMBA,
HWAKAPATSANUKA KAGLUMI.




MAMBO, MAKONA IBWE
RICHIVEZWA, ASI ZVISINGAITWE
NORUOKO RWOMUNHU.
RAKAKUNGURUKA KUBVA MUGOMO,
RIKAROVA CHIFANANIDZO PATSOKA
DZACHO NDOKUPUTSA-PUTSA
CHIUMBWA CHEUMAMBO
MUNGUVA PFUPI.





IBWE IRORO
RINOMIRIRA
MWANAKOMANA
WAMWARI
ACHALIYA
KUZOMISIKIDZA
UMAMBO
HUNEKUBWINYA.



KUMAGLIMO
ENGLVA VANHU VOSE
VAKAFA VACHAMUKA
KUZOTONGWA. VAKAITA
ZVAKAIPA VACHANYADZISWA
NOKUMHURWA KUKURU.
AVO VAKAITA ZVAKANAKA
VACHAWANA UPENYU
USINGAPERI.

ZVIROKWAZVO
LUNOTAURA MASHOKO ANOBVA
KUNA MWARI. WAIGOZIVA SEI
CHIROTO CHANGU NEUDZAMU
HWAKADAI. NDICHAKUITA
MUKURU WEVAUKI VOSE.



DANIYERE WAKAPFLURIRA MBERI
MUBHABHIRONI KWEMAKORE MAKUMI
MATANHATU NEMASERE. WAIRAPANURA
HOPE ACHIDUDZIRA ZVICHALIYA
KWEMAKORE MAZHINJI. MUKUFAMBA
KWENGLVA MAMBO NEBHUKADHINEZA
VAKAFA, MWANAKOMANA WAVO
BHERUTISHAZA AKATORA CHIGARO
CHAVO CHEKUTONGA.

RIMWE ZUVA MAMBO BHERUTISHAZA
VAKAITA MUTAMBO WAVAIFARA
VACHINWA NOKUDYA. CHIOKO
CHAKAONEKWA KUMADZIRO
CHICHINYORA. DHANIYERE
PAAKADANWA KUZORAPANURA HOPE
IDZI, MWARI VAKAMUPA KUNZWISISA
KWEMUTAURO WAKAVANZIKA UYU.



MAMBO
MAKATADZIRA
MWARI. SEKUTAURA
KWEVAPOROFITA, HUMAMBO
HWENYU HWABVISWA
KWAMURI USIKU HWANHASI
HUKAPIWA VAMEDHIYA
NEVAPEZHIYA.

MUPARIRIDZI
12:13-14; ISAYA
9:6-7, 45:1;
DHANIYERE 2:34-
35, 44-48, 5:1-29;
ZVAKAZARURWA
20:11-21:5




VAPOROFITA VAKATAURA
KUTI MUVENGI WAIZOPAMBA
GUTA ACHISHANDISA
MWENA YAIUYA NEMVURA.
VABHABHIRONI VAINGE
VAKADHAKWA ZVOKUTADZA
KUZVIONA. NHOROONDO
INOTAURA KUTI
NDOMAITIKIRO AZVAKAITA.


MUSHURE MOKUPAMBWA
NAVAMEDIYA NEVAPEZHIYA,
DHANIYERE WAKAWANA
BHUKU RAJEREMIYA RAIBVA
MUBHAIBHERI. MUKUVERENGA
KWAKE, AKASHAMISWA KUNZWA
KUTI MWARI VAKANGE VAKATI
IZIRAYERE YAIZOSUNUNGURWA
KUBVA MULUPAMBWA
KUBHABHIRONI MUSHURE
MEMAKORE MAKUMI MANOMWE.



VACHASARA VACHADZOKERA KUJERUSAREMA KUNOVAKA
RUSVINGO RWAYO NETEMBERI. MUKUNZVERA KWAKE
DHANIYERE WAKAONA KUTI MAKORE MAZANA MAVIRI
AINGE APFUURA, ISAYA WAINGE APOROFITA KUTI MAMBO
WEPEZHIYA AIZOSUNUNGURA VANA VEIZIRAYERE.




AVE MAKORE MAKUMI
MATANHATU NEMAPFUMBAMWE,
KVASARA GORE RIMWE KUTI SAIRASI
ALIYE ATISUNUNGURE. ACHAPA CHIGA
CHINOTITENDERA KUDZOKERA KUMUSHA
KWEDU. NGAVAROPAFADZWE MWARI
NAISHE WEDU, MAMBO WEPASI ROSE.



SEKUVIMBISWA KWAKAITA
BABA WEDU ABHURAHAMU, MWARI
VATIPA NYIKA INO YECHIPIKIRWA
SENHAKA YEDU NEKUSINGAPERI.
WAKAYAMBIRA MADZITATEGURU EDU KUTI
ACHAPAMBWA NEVAVENGI KANA VAKATYORA
MIRAIRO YAKE. ASI MWARI HAVANA
KUTIKANGANWA ZVACHOSE, NHASI UNO
TADZORWA, NGATICHITEVEDZA
MIRAIRO YAKE.

SAIRASI
WAKASUNUNGURA
VAJUDHA
MUSHURE
MEMAKORE
MAKUMI
MANOMWE
MARINGE
NESHOKO
RAMWARI. VANHU
ZVIURU MAKUMU
MASHANU
NEZVIVIRI
VAKADZOKERA
KUNOVAKA GUTA
REJERUSAREMA.



NGATIRONGEKEYI.
TICHATANGA NOKUVAKA
RUSVINGO, KANA TAPEDZA
TOZOVAKA TEMBERI.

MWARI NAISHE WEDU,
MATIDZORA KUNYIKA
YECHIPIKIRWA, CHITIDZIDZISAI
KUFAMBA MUNZIRA DZENYU.

NDALIYA
NEMVURA,
NGATITANGE
KUVAKA.

ISAYA 44:28; JEREMIYA 25:11-12,
29:10; DHANIYERE 9:1-2

DHANIYERE WAKANGE OKWEGURA,
HAANA KUZOKWANISA KUDZOKERA
NEVAMWE, ASI WAKARMA ACHIRAYIRA
MADZIMAMBO EMEDHIYA NEPEZHIYA
MUGUTA REBHABHIRONI. MWARI
VAKAMUPA ZVIRATIDZO ZVAKAWANDA
ZVEMAZUVA AITEVERA KUSVIKA
KUMAGUMO. MUNE CHIMWE CHIRATIDZO
AKAONA CHIPIKA CHESIMBI, NGIROZI
IKAMUDZA ZVACHAIREVA.





MWARI
VARIKUKURATIDZA
ZVICHAITIKA MUMAZUVA
OKUPEDZISIRA. VARIKURATIDZA
MAMBO NEBHUKADZINEZA KUTI
KUCHAIYA MADZIMAMBO MANA,
ASI MAVIRI ATOPFULURA. VAMEDHIYA
NEVAPEZHIYA VARIKUTONGA
VACHATSIVIWA NEVAGIRIKI. KUKUNDA
KWEVAGIRIKI NDOKUNE MUTSINDO
ASI VACHAPUTSIKA KUCHIUYA
MADZIMAMBO MANA ACHAGARA
ACHIRWISANA KUSVIKA KWASARA
MAVIRI. KUCHAVA NOKURWISANA
ZVEKARE PAKATI PAVO KUSVIKA
VATSIVIWA NOLYO WESIMBI.
IZVI NDIZVO ZVAKAMIRIRWA
NECHIKARA CHESIMBI ICHI.

DHANIYERE 7:17-28;
MATEU 24:4-25



UMAMBO HWECHINA
HUCHANGE HWAKASIMBA
UYE HUCHITYISA SEDARE. ASI
MUMAZUVA OKUPEDZISRA UMAMBO
UHWU HUCHAPATSANUKA KUITA NYIKA
GUMI. MUSHURE KUCHALYA MURUME
ACHANGE ACHITaura RUGARE.
NDIYO NYANGA YOKUPEDZISIRA
ICHABUDA MUMUSORO WECHIKARA.
ACHANGE ACHITaura MANYEPO
EKUNYENGERA ASI MUSHURE MACHO
OITA ZVINONYANGADZA MUTEMBERI
YAVAJUDHA. IZVI ZVICHAMISA
CHIPIRISO. MUSHURE MAZVO
MUCHALYA KUTAMBUDZWA KUKURU
PASI ROSE, VAKARURAMA
VACHATAPWA NOKUURAWA.

“DHANIYERE, MWARI VANODA KUTI
UZIVE ZVICHAITIKA UYE RIINI, KUBVA
APO CHIGA CHAKAPIWA CHOKUTI
TEMBERI IDZOREDZERWE NOKUIVAKA
PATSWA. KUCHAVA NAMAKORE MAZANA
MANA NAMAKUMI MASERE NEMATATU
KUSVIKA PACHAURAWA MUDZIKINURI
ACHIFIRA ZVIVI ZVEVANHU. KUBVA
IPAPO TEMBERI ICHAPUTSWA ZVEKARE.”



CHIPOROFITA CHINO
CHICHAZADZISWA, MUDZIKINURI
ACHIZOZODZWA. KUCHAVA
NOKUREGERERWA KWEZVIVI
UYE KURLURAMA KUSINGAPERI
KUCHAUNZWA KUVANHU.

SOKUNYORWA
KWAZVAKAITWA
NADHANIYERE MUDZIKINURI
WAKAPINDA MUJERUSAREMA
ACHIRATIDZIRA KUKUNDA
KWAKE, MUZUVA IRO
PAKAKWANA MAKORE
MAZANA MANA NAMAKUMI
MASERE NEMATATU.



MWARI VAKATAURIRA
ADHAMU NAEVHA KUTI
MHODZI YEMUKADZI
ICHAPARADZA MUVENGI.
AKAUDZA NOWA KUTI
MUDZIKINURI ACHABUDA
MUIMBA YASHEMU, KWETE
JAFETI KANA KUTI HAMU.

MAVAMBO 49:9-10; MAPISAREMA 22,
53; ISAYA 7, 9:1-2, 42:1, CHIKAMU
53; DHANIYERE 9:25-26; MIKA
5:2; ZEKARIYA 9:9; MATEU 24:1-2;
HEBHERU 2:9

MWARI VAKAUDZA ABHURAHAMU
KUTI MUDZIKINURI ACHABVA
PADZINDE RAKE KUBURIKIDZA
NOMWANA WAKE ISAKA.

MWARI VAKAUDZA ISAKA KUTI
MUPONESI ACHAIYA KUBVA
PADZINDE RAJAKOBHO, UYE
VAKAUDZA JAKOBHO KUTI KIRISTU
ACHAIYA KUBVA PADZINDE
RAJUDHA.

ZVIRATIDZO ZVAKAZARA PAMUSORO
PEMUDZIKINURI ZVAKARATIDZWA
KUVAPOROFITA VAZHINJI.

VANOTI UYE AKASHONGEDZWA
NESIMBA RAMWARI GURU
AKANGE ARIKO KUBVA KARE,
AIZOZVARWA NEMHANDARA
MUGUTA REBETEREHEMA JUDHA.
PAKURATIDZIKA KWAKE, UCHANGE
ACHISHOREKA, ACHATASVA
MBONGORO, ASI MWARI VACHAISA
MWEYA WAVO PAARI KUTI AUNZE
KUTONGA KWAMWARI KUNE
VASINGAMUZIVI.

VASINGAZIVI MWARI VACHAONA
CHAEDZA UYE UCHAUNZA
RUPONESO KUNYIKA DZOSE.

MUDZIKINURI UCHATAMBUDZWA
NOKURAMBWA NAVANHU VAKE,
ACHIZOFA AKABAIWA TSOKA
NEMAOKO AKE.

ACHAMISWA PAMUCHINJIKWA
AKASHAMA OCHEMERA MVURA
YOKUNWA ASI OPIWA VHINIGA.

UCHAFA PAKATI PEMHONDI
MBIRI ACHIZOVIGWA MUGUVA
ROMUPFUMI.

CHIPOROFITA
CHADHANIYERE
PAMUSORO
PEMADZIMAMBO
MANA AIZOLYA
CHAKAZADZISWA
SEKURATIDZWA
KWAAKAITWA. MUGORE
RA330 KIRISITU
ASATI AZVARWA,
MAMBO AREKIZANDA
WEKUGIRISI AKATANGA
HONDO KWEMAKORE
MANOMWE. AKAKUNDA
NYIKA ZHINJI PASI ROSE
DZINOSANGANISIRA
MEDHIYA NEPEZHIYA.
GIRISI YAKATONGA
KUSVIKA GORE RA 167

KIRISITU ASATI AZVARWA,
APO VAROMA VAKATORA
USHE.

UMAMBO WEVAROMA
AVO VAKARATIDZWA
SETSOKA NEMAKUMBO
EDARE KUNA
NEBHUKADHINEZA,
UYE KUNA DHANIYERE
SECHIPLUKA CHESIMBI
HWAKAKURA
HUCHINOBATA NYIKA
ZHINJI. MUGORE
RA 5 KIRISITU ASATI
AZVARWA, SEKUREVA
KWEVAPOROFITA,
VAROMA VAITONGA
IZIRAYERE NECHISIMBA.

MAKORE MAZANA MASHANU

MAKORE MAZANA MASHANU AKAPFLURA
MUSHRE MECHIPOROFITA CHADHANIYERE.
MUGORE RA 6 KIRISITU ASATI AZVARWA
VAROMA VAKATENDERA VAJUDHA
KUNAMATA MADIRO ASI VAITORA MITERO
YAKAWANDISA. TEMBERI YAKANGE
YAVAKWA UYE ICHISUMUDZA UPENYU
NEMAGARIRO EVAJUDHA. VAZHINJI VAINGE
VAKOSHIWA ZVOKUUYA KWOMUDZIKINURI
ASI VASHOMA VAIKOSHESA
KUCHENGETEDZWA KWEMURAIRO
NOKUUYA KWAKIRISITU. MUMWE
WEVANHU AVA AINZI SIMIYONI. SIMIYONI
WAIVA AKALURARAMA UYE AITARISIRA
KUUYA KWEMUDZIKINURI, SEKUREHWA
KWAZVAKAITWA NAVAPOROFITA. WAINGE
AMIRIRA ZVAKANYORWA MUZVIPOROFITA
KWEMAKORE UYE AIVA NOMUFUNGO
WOKUTI NGLVA YAKANGE YASWEDERA.
MAKORE AKE OKUBARWA AKANGE
AWANDA UYE RUFU RWAKE RWAKANGE
RWAVE PEDYO. ZVAVE ZVIURU ZVINA
ZVEMAKORE MWARI VALDZA EVHA KUTI
MBELI YAKE YAIZOPARADZA WAKAIPA.

**YAKWANA ZVINO NGLVA. ZVIPOROFITA
ZVINOSVIKA MAZANA MATATU
NEZVISHANU ZVAKAMIRIRA KUZADZISWA.**



<https://goodandevilbook.com/>